Kana waya dzemagetsi dzikasasunganidzwa zvakanaka dzinogona kukonzera kuti chitofu, aini, chigayo kana feni zviputike zvobaka moto une njodzi. Moto uyu unokwanisa kupisa vanhu, midziyo nedzimba.

Waya dzemagetsi dziri pamatanda kunze hadzifaniri kutambiswa. Kana munhu akaedza kudzitora anogona kugwinhwa nemoto wemagetsi obva aomera ipapo.

Kana magetsi aenda tinofanira kudzima zvose zvanga zvakatungidzwa zvinoshandisa magetsi. Kana akasadzimwa anogona kudzoka ane simba rakanyanya opisa chitofu, nharembozha, chivhitivhiti, aini kana mimwe midziyo inoshandisa magetsi.

Waya inonzi reza waya inenge ine moto wemagetsi mukati mayo. Waya iyi haibvumirwi kubatwa nemaoko nokuti ukaibata unogwinhwa wopedzisira waenda kusingadzokwi.

Ngatichenjererei magetsi arege kutiendesa kwamupfiganebwe.

**Sarudza mhinduro yakakodzera pamibvunzo iyi.**

1. Ndoupi mudziyo unoshandisa magetsi?
   **A.** Ndiro. **B.** Hari. **C.** Chipunu. **D.** Nharembozha.
2. Kana tichishandisa midziyo inoshandisa magetsi ngatisabata nemaoko ___________.
   **A.** akachena. **B.** akasviba. **C.** akanyorova. **D.** akaoma.
3. Mvura kana ikasangana nemagetsi chii chinoitika?
   **A.** Mvura inofashaira. **B.** Panobaka moto.
   **C.** Magetsi anodzima. **D.** Magetsi anoshaya simba.
4. Kana tichishandisa midziyo inoshanda nemagetsi tinofanira kupfeka _____________.
   **A.** nguwani. **B.** magirovhosi. **C.** shangu. **D.** nhumbi.
5. Inzwi riri mundima rinoreva pachena ndi _________.
   **A.** pamhene. **B.** kubvira. **C.** njodzi. **D.** kugwinhwa.
6. Inzwi riri mundima rinoreva kubaka ndi _________.
   **A.** njodzi. **B.** kubvira. **C.** pamhene. **D.** marasha.
7. Chii chinoitika kana waya dzemagetsi dzikagunzvana?
   **A.** Magetsi anodzima. **B.** Dzinobaka moto.
   **C.** Dzinoshaya simba. **D.** Dzinoruza.
8. Reza waya ine ________.
   **A.** mvura. **B.** ivhu. **C.** miti. **D.** magetsi.
9. Kusiya nyemba kudii?
   **A.** Kufarisa. **B.** Kuramwa. **C.** Kufa. **D.** [illegible]

LIVEWORKSHEETS